

Gid Kanpis la pou match foutbòl ameriken vandredi swa nan dat 11 Oktòb 2024 a 8 è p.m.

27 Septanm 2024

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Youn nan pakèt avantaj ki gen lè w se yon Terp se ankouraje etidyan atlèt nou yo, epi pou otòn sa a, vandredi 11 oktòb a 8 è p.m., Maryland Football pral òganize Northwestern pou yon match vandredi nan lasware.

Nou kontan akeyi anpil ansyen etidyan, fanatik ak lòt envite sou kanpis nou an, epi avèk ogmantasyon kantite vizitè nou prevwa genyen, nou te vle bay kominote nou an kèk enfòmasyon siplemantè.

Kanpis la ap ret ouvè pou ansèyman epi li p ap fèmen bonè. [Nou voye gid sou ansèyman vityèl oswa ibrid ki pa obligatwa bay pwofesè ak enstriktè yo](#). N ap enfòme etidyan yo sa dirèkteman.

Byenke aktivite nòmal sou kanpis la ap ret anplas, li enpòtan pou note n ap prepare kèk pakin pou moun k ap vin gade yo pake apati 2 è p.m. Gen lòt pakin ki ap disponib pou moun ki itilize pakin sa yo epi ki vle rete sou kanpis la. Tanpri, planifye alavans epi konsilte [Enfòmasyon konplè sou pakin DOTS bay](#). Voye yon Imèl bay amandas@umd.edu dirèkteman si w ap òganize yon evènman espesyal epi si w bezwen yon espas.

Tank fanatik yo ap vini, ap gen yon ogmantasyon nan trafik nan fen apremidi, kidonk, anplwaye ki elijib pou teletravay yo kapab anvizaje diskite sa ak sipèvizè yo pou mande yon jou teletravay oswa yon ajisteman nan orè a. Epitou, ou kapab mande pou itilize jou konje anyèl oswa pèsonèl ou genyen pou yon pati oswa pou tout apremidi a. Tout moun ki vle mande youn nan opsyon sa yo dwe pale ak sipèvizè yo kou sa posib. Y ap egzamine demann sa yo ka pa ka.

Nou di w mèsi pou fleksibilite w, pandan nou fyè pou soutni ekip Maryland Football nou an! Ale Terps!

Sensèman

Rythee Lambert-Jones

Vis Prezidan Adjwen epi Direktè Jeneral Resous Imèn

Li (Pwonon Feminen)